

## PANGAJARAN LEMBAGA NEGARA

### A. NGAREGEPKEUN

#### Tujuan:

10. Siswa mampu mencari, mengumpulkan, dan menyerap informasi secara lisan maupun tertulis.

*Regepkeun ieu biantara (naskah biantara dibaca ku guru, siswa ngaregepkeun)!*

### LEMBAGA NAGARA INDONÉSIA

Kalungguhan jeung hubungan lembaga tertinggi nagara jeung/atawa antarlembaga-lembaga tinggi nagara éta dumasar kana Tap MPR No. VI/MPR/1973 jo. Tap MPR No. III/MPR/1978, yen *majelis permusyawaratan rakyat* téh lembaga tertinggi nagara, sedengkeun *présidén, dewan pertimbangan agung, dewan perwakilan rakyat, badan pemeriksa keuangan* jeung *mahkamah agung* téh lembaga-lembaga tinggi nagara.

Majelis permusyawaratan rakyat (MPR) nya éta lembaga tertinggi nagara anu nyekel kakawasaan nagara pangluhurna jeung nu ngalaksanakeun kadaulatan rakyat. Pancen MPR netepkeun undang-undang dasar (UUD) jeung garis-garis besar haluan nagara (GBHN), jeung milih présidén katut wakil présidén. MPR milih, ngangkat, jeung nangtukeun masa jabatan présidén katut wakil présidén, malah bisa mecat présidén lamun perlu. MPR méré mandat ka présidén pikeun ngalaksanakeun GBHN kaasup putusan-putusan séjénna.

Tadi disebut nu kaasup lembaga tinggi nagara téh, nya éta présidén, DPA, MPR, Bapeka, jeung MA. Présidén nya éta pamingpin pamaréntahan nagara pangluhurna, sahandapeun (undergeordnet) MPR, henteu di sagigireun (henteu neben) MPR. Présidén téh mandataris MPR.

Présidén gawé babarengan jeung DPR nyieun undang-undang (UU) kaasup nangtukeun anggaran pendapatan dan belanja nagara (APBN). Présidén méré katangtuan nagtukeun perang, jeung ngayakeun karukunan (perdamaian) jeung nagara deungeun. Présidén henteu tanggung jawab ka DPR jeung henteu bisa ngabubarkeun DPR. Kitu deui, DPR henteu bisa ngagulingkeun présidén tina kalungguhanana.

Dewan pertimbangan agung (DPA) téh badan anu nganasehatan pamaréntah. Tugasna ngajawab patalekan-patalekan présidén tur boga hak ngajukeun usul jeung ngajukeun pertimbangan ka présidén.

Dewan perwakilan rakyat (DPR) kabéhanana ge anggota MPR. Pancen DPR nalingakeun présidén enggoning ngalaksanakeun haluan nagara, nyatujuan/nolak nyieun UU, nyatujuan/nolak APBN, jeung nyatujuan/nolak tindakan présidén (saperti ngayakeun perang, perdamaian, jeung perjangjian). Saupama présidén dianggap ngalanggar, pikeun ngelingan DPR ngajukeun memorandum ka présidén. Lamun dina waktu tilu bulan acan aya tanggapan, ditepikeun deui memorandum anu kadua. Upama dina waktu sabulan memorandum anu kadua acan aya tanggapan war, DPR bisa ménta bantuan ka MPR pikeun ngayakeun sidang istimewa ménta pertanggungjawaban présidén.

Badan pemeriksa keuangan (BPK) boga tanggung jawab mariksa duit nagara. Hasilna ditepikeun ka DPR dijieun bahan nangtukeun rancangan anggaran pendapatan dan belanja nagara (RAPBN) taun nu bakal datang.

Mahkamah agung (MA) nya éta lembaga nagara nu nyangking kakawasaan kehakiman nu merdika, ngandung harti leupas tina pangaruh kakawasaan pamaréntah. Tugas MA méré pertimbangan hukum ka lembaga-lembaga tinggi nagara, boh

dipenta, boh henteu dipenta. MA ogé bisa méré nasehat hukum ka présidén pikuen méré/nolak grasi.

Jadi, lembaga nagara téh aya dua, lembaga tertinggi nagara (MPR) jeung lembaga tinggi nagara (présidén, DPA, MPR, BPK, jeung MA) anu boga pancen dumasar kana katangtuan.

Para siswa, pedaran ngeunaan lembaga pamaréntahan cukup sakitu.

## **B. NULIS**

### **Tujuan:**

13. Siswa mampu menggunakan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara isan maupun tulisan.

#### *1. Nyatet Hal nu Penting tina Biantara*

Maksud hal nu penting tina biantara nya éta inti/poko/ide utama anu dibiantarakaen.

Biantara Lembaga Nagara Indonésia ngandung hal nu penting nu kudu dicatet ku unggal siswa. Sangkan catétan sarua, kagiatan dilaksanakeun dina wangun latihan ieu di handap.

### **Pilih jawaban ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Nu mimiti dicaritakeun dina biantara Lembaga Nagara Indonésia
  - A. Tap MPR No. VI/MPR1973 jo Tap MPR No. III/MPR/1978
  - B. Présidén, DPA, MPR, BPK, jeung MA
  - C. MPR nya éta lembaga tertinggi nagara
  - D. MPR méré mandat ka présidén, mandataris MPR
2. *Nalingakeun pancen présidén, nyatujuan/nolak nyieun undang-undang, nyatujuan/nolak APBN, jeung nyatujuan/nolak tindakan présidén.* Hal kitu kaasup ...
  - A. wewenang DPA
  - B. hak MPR
  - C. pancén DPR
  - D. kawajiban MA
3. Hal nu penting dicatet perkara tanggung jawab BPK nya éta ...
  - A. mariksa jeung ngitung duit nagara unggal ahir taun
  - B. gawé babarengan jeung DPR nangtukeun APBN
  - C. nyieun APBN jeung mariksa perkara duit nagara
  - D. mariksa duit nagara, jeung hasilna diteupikeun ka DPR

### **Jawab ieu soal!**

4. Nu penting dicatet perkara tugas mahkamah agung dina biantara Lembaga Nagara Indonésia nya éta ...
5. Bisa ditulis yén kacindekan biantara Lembaga Nagara Indonésia nya éta ...

## 2. *Nyieun Ringkesan Jadi Ihtisar*

Biantara Lembaga Nagara Indonésia urang jieun ringkesan. Tina ringkesan téa urang susun ihtisarna.

Ringkesan dijieun tina unggal randegan (bisa mangrupa paragraf dina basa tulis mah). Satuluyna, ringkesan gabungkeun jadi ihtisar. Gabungan ringkesan kudu nyambung/kompak/aya patalina antara kalimah jeung kalimah.

### **Jawab ieu soal!**

1. Kalungguhan jeung hubungan tatakerja lembaga tertinggi nagara jeung/atawa antarlembaga-lembaga tinggi nagara éta dumasar kana naon?
2. Lembaga nagara Indonésia aya dua, nya éta lembaga tertinggi nagara, jeung lembaga tinggi nagara. Naon baé nu kaasup lembaga tertinggi nagara jeung naon baé nu kaasup lembaga tinggi nagara?
3. Naon baé tugas DPA?
4. Pancén DPR téh naon baé?
5. Susun ihtisar biantara Lembaga Nagara Indonésia!

## 3. *Ngadaptarkeun tur Ngagunakeun Istilah dina Kalimah*

### **a. Istilah paélmuan**

Dina biantara Lembaga Nagara Indonésia digunakeun istilah paélmuan jeung istilah organisasi.

Istilah paélmuan dina ieu bagian, nya éta istilah nu patali jeung lembaga pamaréntahan modérn. Conto istilah paélmuan nu patali jeung lembaga pamaréntahan modérn didaptarkeun ieu di handap.

Daftar istilah paélmuan nu patali jeung pamaréntahan modérn.

adidaya = adikuasa, nu boga kakuatan gede pisan atawa luar biasa

anggaran = kira-kira/perhitungan, aturan, taksiran

badan = beungkeutan jalma nu migawé hiji hal

dewan = majelis, badan, mahkamah

grasi = ampunan ti présidén ka nu dihukum

haluan nagara = arah, tujuan, padoman resmi pulitik

jabatan = tugas dina kapamaréntahan, fungsi, dines

kabinet = badan/dewan pamaréntah nu diwangun ku para mentri

kadaulatan = kakawasaan pangluhurna dina pamaréntahan

lembaga= badan organisasi

luber = langsung umum bebas rahasia (dina pamilu)

mahkamah = badan tempat mutuskeun hukum palanggaran

mandat = parentah, kakawasaan nyekel wewenang

mandataris = jalma nu narima mandat

memorandum = surat penting nu teu resmi, surat kedaling rasa hubungan diplomasi,

wangun komunikasi nu eusina saran/pepeling

otonom = berdiri sendiri kalayan pamaréntahan sorangan

otokrasi = kakawasaan nu teu kawatesan

sahandapeun = untergeordnet

sentralisasi = sagalana madom ka pusat

Tap = ketetapan

wilayah hukum = daerah kakawasaan

yuridis = dumutkeun hukum

## **Jawab ieu soal!**

Tulis istilah paélmuan di luhur luyu jeung kalimah nu dikosongkeun ieu di handap!

1. Lembaga nagara Indonésia aya dua, nya éta lembaga tertinggi nagara (MPR), jeung lembaga tinggi nagara (présidén, DPA, MPR, BPK, jeung MA). MPR nyekel kakawasaan nagara pangluhurna jeung nu ngalaksanakeun ... rakyat.
2. Présidén jadi pamingpin pamaréntahan tur jadi .... MPR
3. DPA anu nganasehatan pamaréntah, ngajwab patalekan-patalekan présidén, ngajukeun usul jeung ngajukeun pertimbangan ka présidén; ... perwakilan rakyat nalingakuen présidén, nyatujuan/nolak nyieun undang-undang, nyatujuan/nolak APBN jeung nyatujuan/nolak tindakan présidén.
4. ... pemeriksaan keuangan boga tanggung jawab mariksa duit nagara. Hasilna ditepikeun ka DPR.
5. .... agung nyangking kakawasaan kehakiman anu tugasna méré pertimbangan hukum ka lembaga-lembaga tinggi nagara.

## **Pangjembar**

Daptar istilah paélmuan anu henteu dijieun jawaban dina latihan di luhur, larapkeun kana kalimah susunan hidep

### **b. Istilah organisasi**

Istilah organisasi dina ieu bagian, nya éta istilah nu patali jeung lembaga pamaréntahan modérn. Conto istilah organisasi nu patali jeung lembaga pamaréntahan modérn didaptarkeun ieu di handap.

Badan pemeriksa keuangan = badan nu boga tanggung jawab mariksa duit nagara anu hasilna ditepikeun ka DPR

Dewan pertimbangan agung = badan anu nganasehatan pamaréntah, nu tugasna ngajawab patalekan-patalekan présidén tur boga hak ngajukeun usul jeung ngajukeun pertimbangan ka présidén

Dewan perwakilan rakyat = dewan nu boga pancen nalingakeun présidén enggoning ngalaksanakeun haluan nagara, nyatujuan/nolak nyieun undang-undang, nyatujuan/nolak APBN, jeung nyatujuan/nolak tindakan présidén

Garis-garis besar haluan negara = pola umum pangwangunan nasional nu ditetepkeun ku MPR unggal lima taun sakali

Lembaga tertinggi nagara = lembaga anu nyekel kakawasaan nagara pangluhurna jeung nu ngalaksanakeun kadaulatan rayat, MPR.

Lembaga tinggi nagara = présidén, DPA, DPR, Bapeka, jeung MA

Mahkamah agung = lembaga nagara nu nyangking kakawasaan kehakiman nu tugasna méré pertimbangan hukum ka lembaga-lembaga tinggi nagara

Majelis permusyawatan rakyat = lembaga tertinggi nagara

Organisasi profesi = organisasi nu anggotana jalma-jalma nu boga profesi nu sarua

Organisasi sosial = organisasi nu ngatur sistem hubungan antar jalma jeung antarkelompok pikeun ngareng- sekeun kagiatan di masyarakat

Pamaréntah = nu ngawasa hiji nagara, pangurus nagara

Présidén = pamingpin pamaréntahan nagara republik pangluhurna

Tatakerja = aturan gawé

Undang-undang dasar = undang-undang nu jadi dasar sakumna undang-undang jeung aturan séjén di hiji nagara

### **Jawab ieu soal!**

Tulis istilah organisasi di luhur luyu jeung kalimah nu dikosongkeun ieu di handap!

1. ... jeung/atawa antarlembaga-lembaga tingginagara patokanna Tap MPR No. VI/MPR/1973 jo. Tap MPR No. III/MPR/1978.
2. Dumasar kana Tap MPR, nu nyekel kakawasaan nagara pangluhurna jeung nu ngalaksanakeun kadaulatan rayat téh nya éta....
3. Pancen MPR netepkeun... jeung netepkeun GBHN.
4. ... pisan nu mingpin pamaréntahan nagara pangluhurna, sahan- dapeun (*untergeordnet*) MPR, henteu di sagigireun (henteu neben) MPR.
5. Ari anu nganasehatan pamaréntah nya éta.... Tugasna ngajawab- patalekan-patalekan présidén tur boga hak ngajukeun usul jeung ngajukeun pertimbangan ka présidén.

### **Pangjembar**

Daptar istilah organisasi anu henteu dijieun jawaban dina latihan di luhur, larapkeun kana kalimah susunan hidep!

### **C. NYARITA**

#### **Tujuan:**

5. Siswa mampu memahami dan menggunakan kata-kata umum, kata-kata khusus, dan istilah dalam kalimat.

#### *Nyaritakeun Kecap Serepan*

Dina biantara Lembaga Nagara Indonésia aya kecap serepan nu pata jeung istilah paélmuan sarta patali jeung istilah organisasi. Istilah kasebut aya nu kaasup kecap serepan. Upamana serepan tina basa daerah jeung bas asing, anu contona ditulis ieu di handap.

adi daya (Kawi) adikuasa = boga kakuatan gedé (biasana nagara, bangsa)  
badan (Arab) jabatan (Malayu) = kalungguhan  
kabinét (Malayu) = réngréngan para menteri nu ngaheuyeuk nagara  
kadaulatan (Arab) = kakawasaan rahayat  
lembaga (Malayu) = badan, pakumpulan  
luber (Indonésia/Malayu) = langsung umum bebas rahasia  
mahkamah (Arab) = pangadilan  
mandat (Walanda) = wewenang pikeun ngawakilan organisasi  
organisasi (Walanda) = pakumpulan  
otonomi (Walanda) = wewenang ngurus sabagian wilayah nagara sorangan  
présidén (Perancis) = ketua pingpinan organisasi, kapala republi  
sentralisasi (Walanda) = usaha museurkeun pamaréntahan, sabalikna tina desentralisasi

### **Jawab ieu soal!**

Gunakeun kecap serepan di luhur dina guneman ieu dihandap (gunema di ruang kelas).

1. Rani : "Nagara Amerika boga kakuatan gede, sok disebut nagara naon?"  
 Rasi : "Disebut nagara..., tapi lain Amerika wungkul nu kitu téh."  
 Asri : "Enya, lain Amerika wungkul nu disebut nagara adikuasa téh."
2. Rani : "Unggal kabupaten boga wewenang pikeun ngurus sabagaian daerahna."  
 Rasi : "Wewenang model kitu dina lembaga pamaréntahan, naon ngaranna?"  
 Asri : "Moal salah deui disebut hak...."
3. Rani : "Kecap..., hartina lain baé kapala organisasi, tapi kapala republik."  
 Rasi : "Di Indonésia mah pan éta téh nu jadi mandataris MPR téa."
4. Rani : "Wewenang, muhun wewenang pikeun ngawakilan organisasi"  
 Rasi : "Anu asalna tina kecap basa Walanda téa, nya?"  
 Rani : "Dupi Sri terang istilahna?"  
 Asri : "Kantenan, nu kitu mah disebutna...."
5. Rani : "Pangadilan."  
 Rasi : "Dina lembaga tinggi nagara mah istilahna lain pangadilan  
 Asri : " "Margi nganggo kecap serepan basa Arab"  
 Rasi : "Muhun da teu digunakeun istilah pangadilan agung."  
 Asri : "Tapi... agung."

### **Pangjembar**

Daptar kecap serepan anu henteu dijieun jawaban dina latihan di luhur, larapkeun kana kalimah susunan hidep!